

ZVINO JESU AKAUYA AKADANA



Mutsvene Johane, chitsauko 11, kutanga pandima 18, ndinoda kuverenga.

Zvino Betania rakanga riri pedyo neJerusarema, mastadia anenge gumi nemashanu:

Uye vazhinji vavaJudha vakanga vauya kuna Marita naMaria, kuzovanyaradza pamusoro pehanzvadzi yavo.

Zvino Marita, wakati achinzwa kuti Jesu wouya, akaenda kundomuchingamidza: asi Maria wakagara mumba.

Zvino Marita akati kuna Jesu, Ishe, dai manga muri pano, hanzvadzi yangu ingadai isina kufa.

Kunyange zvino, ndinoziva, kuti zvose zvamunokumbira. . . Mwari, Mwari achakupai ichocho.

Jesu akati kwaari, Hanzvadzi yako ichamukazve.

Marita akati kwaari, ndinoziva kuti achamuka zvakare pakumuka kwevakafa nezuva rokupedzisira.

Jesu akati kwaari, Ndini kumuka, ne. . . upenyu: uyo anotenda kwandiri, kunyange akafa, asi uchararama:

Uye mumwe nomumwe uri mupenyu anotenda kwandiri haangatongofi. Unotenda izvozvo here?

Akati kwaari, Hongu, Ishe: Ndinotenda kuti ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari, uyo wainzi anouya panyika. (Uye tarisai izvozvo!)

Zvino paakangodaro, akaenda hake, akandodana Maria munun'una wake kaverevere, achiti, Tenzi vasvika, uye vanokudana.

² Ngatinamatei. Baba voKudenga, simbisai maShoko ayo kumoyo yedu, manheru ano, patakamirira paMuri zvino. Shoko reNyu, muranda weNyu, uye shoko rataverenga, zvose zvakumikidzwa kwaMuri, muZita raJesu Kristu. Amenii.

Munokwanisa kugara henyu pasi.

³ Chinangwa changu chokuva pano kuda kuedza kubatsira vanhu vaMwari. Kwete zvakanyanya zvekunamatira, nekuturika maoko pamusoro pevanorwara, asi kuti vacherechedze Jesu Kristu pakati pedu, Mwanakomana waMwari ari pakati pedu. Tiri kutaura madekwani ano pamusoro pemusoro wenyaya uyu: *Zvino Jesu Akauya Akadana.*

⁴ Zvino panguva iyi yatiri kutaura pamusoro payo, yaiva nguva yokusuwa zvikuru. Kana makamboverenga nyaya pamusoro poupenyu hwaIshe wedu, tinoona kuti Akanga

ari Shamwari huru kumukomana uyu, Razaro. Aiva... Mushure mokuenda kwaJosefa, kana kuti, Akanga abvako akauya kuzogara naMarita, Maria, naRazaro. Uye vakanga vari shamwari huru kwazvo. Vaiva ne... Vaita somufundisi kwavari, sha—Shamwari chaiyo. Uye vaiMusonera mbatya duku dzokupfeka, bhachi rokupfeka, ndinotenda, vanodaro, uye rakanga rakarukwa risina musono. Uye zvino vakanga vaMuitira zvinhu, nokuti vaitenda maAri. Zvaiva kuti vai—vaiva vatenda uye vaona izvozvo. Vakanga vasiya chechi, uye nezvakadaro, kuti vaMutevere. Uye chaiva chinhu chikuru muzuva iroro, chokuti mubairo wacho rwaigona kuva rufu, ku—kubuda kubva mairi.

⁵ Asi, Jesu, Muchinda uyu aitenderera sokutaura kwavo, achitsemura machechi avo, uye achitaura zvinhu zvakaipa pamusoro pemuprisita wavo, uye—uye nezvakadaro, Aiva—Aiva avakanganisira zvikuru, vaifunga kudaro. Uye—uye kupupura pamusoro paKe kwaiita ku—kuti udingwe mumasinagoge. Uye zvino kana wabuda kubva muchechi, vai—vaifunga kuti hau—hausisina mukana worudzikinuro. Kana wakanga usiri nhengo yerimwe remasangano avo, sokuti vaFarise, vaSadhuse, kana chimwe chinhu, kwakanga kusina rudzikinuro kunze kwaizvozvo. Uye dai vaiva nekodzero, makiyi, uye vaigona kutozokudzinga dai vaida havo. Ndiwo akanga ari matauriro avo. Ndokusaka Jesu akati, “Imi, netsika dzenyu, makaita kuti Shoko raMwari rishaiwe simba.” Maona?

⁶ Uye zvino zvadzokorora zvakare, nokuti tinoziva tose kuti nhoroondo inozvidzokorora kakati wandei. Uye zvino—zvinosuwisa kuzviture, asi zvakaporofitwa kuti zvichadzokorora, uye yazviita zvakare.

Tinoona kuti Jesu akanga asingafungwi zvakanaka pamusoro pake.

⁷ Nguva zhinji, vanhu vanoda kutonga munhu uyo asingawirirani navo. Hatifaniri kuita izvozvo. Tinokwanisa kusaonerana mumwe nemumwe, asi tiine ushamwari. Kana ndikasawirirana nemunhu, ndoramba ndichimuda ndichimunamatira, ndosawirirana naye pa... naye pamusoro peRugwaro, uye kuti zvizarukirwe zviri nane, zvino handina chandinotaura kwaari. Ndinoda nguva dzose kuti ndisawirirana naye, ndichishamwaridzana naye, nokuti ndinomuda, uye ini—ini zvirokwazvo handidi kuti arasike. Uye anofanirwa kuita zvimwe chete izvozvo kwandiri; hatidi kurasika. Uye tinofanirwa kuzorodza pfungwa dzedu pane zvinotaurwa neShoko. Shoko ngarive reChokwadi. Kwete chitendwa chedu kana pfungwa dzedu, asi zvaAnotaura; pasina dudziro dzakavanzwa, izvo chete zvakangotaurwa neShoko.

⁸ Humwe husiku, ndakaita chimwe chinhu uye chairatidzika sekunyomba zvekunamata, ndinotenda kwakanga kuri

kuungano yevashumiri yokudya kwemangwanani mamwe mangwanani. Ndakaisa Jesu mudare remhosva. Ndikati, “Sezvavakaita kareko, ndizvo zvavanoita nhasi.” Ndongunga zvainaka ndikazvidzokorora kwekanguva, kana tiine nguva yacho. Zvino, ndakati, nhasi tinoona kuti . . .

⁹ Mukuvandudza kwaLuther, iye, munguva yaizvozvo, akati vakarurama vachararama nokutenda. “Munhu anotenda, ndiye, anaWo.” Asi takaoona kuti vazhinji vavo vakati vanotenda, asi vasinaWo.

¹⁰ Mumazuva a—John Wesley, kana vakawana ropafadzo rechipiri, vakariti, kucheneswa, kucheneswa kwakakwana, vaifara vodanidzira. “Munhu wese aidanidzira, aiva naWo.” Asi vakazoona kuti vakanga vasinaWo. Vazhinji vavo vakadanidzira, uye vakanga vasinaWo.

¹¹ Mumazuva ePentecosta, vakati, “Zvino kudzoreredzwa kwezvipo kwauya, kubhabhatidzwa noMweya. Uyo anotaura nendimi, ava naWo.” Tinoona kuti vazhinji vakataura nendimi, uye vakanga vasinaWo.

¹² Saka vanoti, “Zvakanaka, chibereko choMweya, ndizvo zvaUri.” O, kwete, kwete chibereko choMweya. VeChristian Science vanazvo, apo pasina. . . Rudo ndicho chibereko choMweya. Zvino, uye vane rudo ruzhinji kupfuura vamwe vose, uye voramba Humwari hwaJesu Kristu; vongoMuti muporofita, munhu wemazuva ose. Maona? Saka hazvizviiti.

¹³ Regai ndimbozvibvunzurudza izvi kwekanguva. Ngatiise Jesu padare. Uye Mwari ngavandiregerere nokuda kwematauro aya, kubva papuruputi, asi ndichange ndichipikisana naYe kwekanguva, kuti ndikuunzei muChiedza. Maona?

¹⁴ “Zvino ndinemi vanhu pano madekwani ano; ndiri kutaura nemi. Ini. . .” (Ndakadzokera mune rimwe ramazuva ayo Jesu weNazareta aiva panyika.) “Ndauya kwamuri, uye kuti ndizokurukura nemi zvinopesana nemurume uyu, Jesu weNazareta. Zvino tose tinoziva kuti Mwari rudo. Bhaibheri rinoti ndizvo zvaAri. Zvakanaka, uye rudo, Mweya une kutsungirira, moyo munyoro, moyo murefu, munyoro, uye nezvakadaro, uye rudo. Zvino ndinoti, ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Tinoenda totora icho cha—chatinoziva, muKristu.

¹⁵ “Tarisai pamuprisita achembera wenyu uyu. Baba-vababa-vababa-vasekuru vake vaiva muprisita. Aifanirwa kuberekwa murudzi rwevaRevhi, kuti ave muprisita. Tinoona kuti, zvino, haana upenyu sohwehujaya sezvakaita vazhinji wenyu. Chii chaanoita? Anozvipirisa, ariko kumusoro uko kunonzvera Shoko, Shoko raMwari. Anorinzvera rose, masikati nehusiku, masikati nehusiku, anofanira kuziva vara raro rose, shoko rose repatsamba yakamonererwa. Anofanira kuriziva nemwoyo. Iye—iye, chimwe chinhu pamusoro paro chaanofanira kuziva.

16 “Uyezve, pamusoro paizvozvo, baba vako namai vako pavakachata, ndiani wakavabatanidza kuva murume nomudzimai? Muprisita wako wakura ane humwari. Ndiani wakauya kuna baba vako pavaida rubatsiro uye vaine chikwereti papurazi ravo, apo vakavakweretesa mari yokuritenga vaizoritora? Ndiani wakamira navo? Muprisita wako wakura ane tsitsi. Ndiani wakamira namai vako muimba iya pavakanga vachikubara? Muprisita wakura ane tsitsi. Ndiani anouya kwauri kana uchirwara uye uchida rubatsiro? Muprisita wako wakura ane tsitsi. Ndiani wakakuropafadza akakukumikidza kuna Mwari, uye akakudzingisa pazuva rechisere? Muprisita wako wakura ane tsitsi. Baba vako namai vako pavakanga voda kurambana, ndiani wakavadzoredza pakare, akavabatanidza pamwe chete? Muprisita wako wakura ane tsitsi. Kana paita mhirizhonga munharaunda yamunogara, ndiani anoigadzirisa? Muprisita wenyu akura ane tsitsi. Zvechokwadi.

17 “Zvino muprisita uyu wakura ane tsitsi anoziva kuti Bhaibheri rakati Mwari anoda gwayana rechipiriso. Vazhinji venyu imi varume muri vanamuzvinabhizimu, nokudaro hamupfuyi makwai, asi zvakadaro Mwari vanoda gwai. Vakavaka matanga kumusoro uko, waitengesa makwai avo kuitira kuti va—vanamuzvinabhizimu vagoenda ikoko vachinoritenga, vochinopa chipiriso chomweya wavo, icho Mwari anoda.

18 “Ko chii chaakaita mujaya uyu, anonzi Jesu? Wakabvepiko? Zvinonzi wakazvarwa, kuzvarwa nemhandara. Ndianiko wakambonzwa zvisina musoro zvakadai? Tinoziva kuti mai vake vakamuzvara ivo naJosefa vasati vazvarwa, kana kuti, ivo naJosefa vasati vachata, iye wakazvarwa. Zvino tinoona kuti iye—iye ane zita rakaipa, kubvira pakutanga.

19 “Une kadhi rehunhengo rokupiko? Kana aiva munhu wohumwari, wakabatana neboka ripiko? Apa muprisita wenyu akanzvera, akanzvera, akanzvera, akanzvera, kuti azive Shoko iroro; hounoi ouya, achiputsira pasi zvaakavaka. Ungazviti ‘ndiMwari’ here izvozvo? Zvirokwasvo haungadaro.

20 “Zvino, mumwe musu, muprisita wenyu paakagadzira nzvimbo iya kumusoro kuya, iyi... uye uko kwamaigona kutenga chipiriso, ko muchinda wechidiki uyu chii chaakaita? Tsitsi? Akarova, akakosa tambo, shinda dzefflex nezvitirobho, zvino ndokutarisa vanhu, akatsamwa; ndokupidigura matafura aya, ndokuvarova achivabudisa kubva imomo. Zvino munozviti zvibereko zvoMweya, achivatarisa, nehasha? Uye, tarirai, akadzivisa vanhu mukana wavo wokushumira Jehovha! Muzvinabhizimu anoda kuMushumira; haapfuyi makwayana, zvino akaendako kundoritenga. Iye ndokubva andozvipidigura, ndokuvakava-kava, ndokuvadzingira kunze.”

²¹ Apa ndiani ane chibereko choMweya? Um-hum. Maona? Hezvoka izvo. Maona, hachisi chibereko choMweya, handi kutaura nendimi, handi kudanidzira.

²² Iwe woti, “Zvino, Hama Branham, chiratidzo chawo ndechipi? Chiratidzo chawo ndechipi?” Kusimbiswa kweShoko renguva.

²³ Vaiva neBhaibheri. Iye wakanga ari chaizvoizvo zvakanga zvataurwa naJehovha kuti zvaizoitika. Hazvidi dudziro. Zvakadudzira ipapo. Havanoi vapisita venyu, ndizvo zvose zvavaiva nazvo, uye zvose zvichitevera maitire ezuva nezuva nezvose, asi zvakadaro vakatadza kuona Shoko. Uye Iye wakaita kuti Shoko iro rive benyu kuzera iroro. Ndicho chiratidzo chezera iroro.

²⁴ Luther wakanga aine chiratidzo chezera rake, Wesley aine chezera rake, Pentecosta iine chezera rayo, asi isu tava mune rimwe zera. Zvinhu izvozvo zvakanaka. Asi somucheche, ane munwe, ziso, nemhino, asi mushure mechinguva anofanira kuzova munhu. Anofanira kuva mwa—mwana abva zera; zvino anozozvarwa, aine munhu womukati, mutumbi, mweya, achigona kufamba-famba.

²⁵ Zvino tinoona kuti, zvose izvi, Jesu wakanga azviratidza pachena, uye vashoma, avo chete vaAkanga atemera kuUpenyu, vakaMuona. Kwete mhomho huru; mhomho dzaKe hadzaigona kuzomboita sedzaKaifasi. Nemhaka yei, Kaifasi waigona kuunganidza nyika yose pamwe chete. Jesu wakangodana vashomanane pamwe chete. Havasi vazhinji vaiMuziva. Zviuru zvakapetwa zviuru, paAkauya panyika, Wakafamba nemunyika, uye vakasamboziva kuti Waivapo.

²⁶ Saizvozvo zvichadarozve! Achauya kune avo vakadaidzirwa kuUpenyu. Iye anoziva vakadanidzirwa kuUpenyu. Uye haAzo. . . Ndiro basa raKe kuita izvozvo.

²⁷ Zvino tinocherechedza kuti vakabuda muchechi, ndokutenda maAri. Zvose zvaitaurwa neShoko pamusoro paKe, hezvino zvaAiva.

²⁸ Zvino rimwe zuva Wakabva pamusha pavo. Ndinoda kutaura pamusoro pezvinhu zvitatu: Jesu wakanga abva; rufu rwakanga rwapinda; uye tariro dzose dzakanga dzapera. Ndinoda kutaura pamusoro pezvinhu zvitatu izvozvo kwamaminitsi mashoma.

²⁹ Jesu wakanga abva. Zvino paAkabva, dambudziko rakapinda. Zvino kana Akakusiya, kana musha wako paunogara, dambudziko rava kutouya. Satani ane musuwo wakavhurika kana Jesu abva.

³⁰ Wakanga aenda, uye—uye paAkangoenda, zvino rufu rwakabva rwapinda. Zvino Jesu paanobuda, rufu runopinda. Kupatsanurwa kubva kwaAri rufu, nokudaro rufu rwakapinda apo Jesu paakabuda.

³¹ Zvino rufu rwakanga rwadzengerera pana Razaro. Uye zvino Uyo wavakanga vatenda maari vachimuda, vakanga vatumira shoko kwaAri kuti auye azonamatira Razaro, nokuti vakanga vaMuona uye vaiziva kuti Anoziva Mwari, kuti, “Chero chipi, Mwari...” Marita wakazviratidza kumashure uko, “Chero chipi chaMunotaura kuna Mwari zvino, Mwari unochiita.” Wakanga acherechedza kuti Iye naMwari chaiva chinhu Chimwe chete. Waiva Shoko renguva, saka wakazvicherechedza izvozvo. Uye waiziva, kuti kana akangobatana naYe, asi apa Akanga aenda uye vakanga vasingachakwanisi kuMubata. Zvino vakatumira shoko kwaAri, uye, pachinhambo chokuti Auye, Akatowedzera kuenda kure. Uyezve vakatumira shoko zvakare, uye, pachinhambo chokuti Auye, Akatowedzera kuenda kure.

³² Dzimwe nguva tinoshaiwa kuti sei zvinhu izvo zvichiitika, asi Gwaro haritauri here kuti, “Zvinhu zvose zvinoshandira mukunaka kune avo vanoda Mwari”? Anoziva zvaAri kuita. Kana Akanonoka, zvose zvakanaka. Anoziva zvaAri kuita. Pakanga paine chinangwa.

³³ Tinoona kuti Akati, muna Mutsvene Johane 5:19, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, Mwanakomana haana chaanogona kuita pachaKe, asi icho chaAnoona Baba vachiita.”

³⁴ Baba vakanga vaMuudza kuti abve aende kure, uye kuti ave kure kwemazuva aakatarirwa. Mushure mokukwana kwemazuva aya, ndipo paAkataura zvaAkataura zvino, zvokuti, “Shamwari yedu Razaro yavata.”

Uye iye akati, “Zvakanaka, ari kuita zvakanaka.”

³⁵ Iye akati, “Wafa. Uye kuitira imi Ndinofara kuti Ndanga ndisiko.” Nokuti, vakanga vachiedza kuti vaMuite kuti aende kwaari, kundomupodza kana kutaura zvaifanira kuitwa. Asi Waiziva zvaifanira kuitwa, saka Wakanga aita chaizvoizvo zvaAkanga akazoderwa kuita: kunge ari kure. Kana mukaMvacherechedza paguva paAkadzoka. Akazviratidza izvozvo paAkadzoka ndokuwana musha yu.

³⁶ Tariro yose yakanga yapera. Razaro wakanga afa. Awa yoga-yoga, vaingoramba vachifunga, “Angangouya panzvimbo iyoyo. Angangouya panzvimbo iyoyo. Angangodzoka.” Pakupedzisira, wakafa, mweya wokufema wakamusiya.

³⁷ Vakabuda, vakamuomesa, vachibvisa ropa mumutumbi wake, ndokumuputira nomucheka, zvinonhuwira, ndokumuomesa uye ndokumuradzika muguva, ndokuisa dombo paguva, inova ndiyo yaiva tsika yavo yokuviga mumazuva iwayo. Gomba riri pasi, pamwe tongoti mudombo, uye poiswa dombo pamusoro paro, ndiyo yaiva tsika yavo.

³⁸ Zuva rokutanga rakapfuura, zuva rechipiri rikapfuura, zuva rechitatu rikapfuura, zuva rechina rikapfuura, murume akanga ava kutoora ari muguva. Mhino yake pamwe yakanga yatowira

mukati. Iyo, ndinofunga ndicho chinhu chokutanga chinowira mukati, imhino. Uye wakanga atooru. Nyama ya—yake yakanga yadzokera kuguruva, renyika, kana kuti yave kudzokera. Mweya wake wakanga une pawakanga wasvitswa nerwendo rwemazuva mana, kubva paari.

³⁹ Tariro yose yokuzombomuonazve, muupenyu huno, yakanga yapera. Uye zvino tariro yose zwayakanga yapera... Vakanga vamirira, “Pamwe Aizouya zuva rokutanga, zuva rechipiri!” Kwete. Ipapo wakabva afa, uye Iye akanga asati auya. Zvino kupererwa kwakauya.

⁴⁰ Mushure mechinguva panofanira kuva nomumwe akamuudza, “Tenzi vari panze.” Hounoi Marita odzika nomugwagwa!

⁴¹ Jesu wakauya munguva iyo yerima apo tariro yose yakanga yapera. Kazhinji ndipo paAnouya. Maona? Anouya panguva iyoyo ine rima gurusu, ipapo Jesu anoonekwa panzvimbo iyoyo.

⁴² Zvino cherechedzai, Akauya ndokudana Marita. Hupo hwaKe hwakaunza tariro itsva. Zvisinei kuti mukomana wakanga afa, asi Hupo Hwake hunounza tariro itsva.

⁴³ Unogona kunge wakagara pano manheru ano, shamwari yangu, apo vana chiremba vasisina chavachagona kukuitira, une kenza, chirwere chomoyo. Pamwe uri mucheya, wakaremara, uye sainzi yose yati hapasisina tariro pauri; calcium ya—yaita mapundu-mapundu pamapfupa ako—ako—ako, uye kuti hauchagoni kuagonyesa zvachose. Kana kuti, moyo wako—wako wanyanyoipa, chiremba oti kwauri unogona kungofa miniti ipi zvayo. O, mhombho huru dzavanhu vane kenza neTB, pamwe ndiyo tariro yokupedzisira yaunayo, zvino zviri kuratidzika sokunge chiremba asisagone kukubatsira. Asi kunyange zvakadaro, kuva muHupo nokucherechedza Hupo hwaJesu Kristu, zvinounza tariro zvakare.

⁴⁴ Mumwe munhu anogona kukuzivisa izvi kwaari. Pamwe hauna kumbobvira wakambonzwa pamusoro pazvo kare, asi rega mumwe munhu ati, “Ndinoziva kune imwe chechi, vanotenda muna Mwari uye vanonamatira vanorwara,” nokukasika (Zvino, wava pedyo nekufa. Waona?), tariro itsva dzinosumuka. Nguva dzose zvinodaro. Munguva iyo yerima, kazhinji ndipo apo mumwe munhu anotaura pamusoro pazvo, okuudza nezvaJesu. Huvepo hwaKe hwakaunza tariro itsva.

⁴⁵ Dai zvikaita zvimwe chete manheru ano, sezvazvakaita manheru apfuura. Apo tinoona Shoko rakasimbiswa pasina kana mumvuri wokupokana, rakaiswa pachena, rikaratidza kuti Jesu *uyu* wakararama makore mazana gumi nemapfumbamwe akapfuura, akafa paKarivhari, akamuka nezva retatu, akaonekwa nevadzidzi vava akavavhura meso avo, uye akaita vimbiso iyi yezuva rino, ari pano izvozvi pakati pedu,

zvakasungirwa kuunza tariro kuvanhu. Tariro itsva dzinovaima ipapo.

⁴⁶ Pamwe mumwe akati, “Chechi yanga yakangoita kakuoma kwekanguva. Hatina kumbova nemvura dzakanaka dzinofefetera kwe—kwe—kwemwedzi mishoma. Hatina kumbova nerumutsiro. Zvinoita sokunge munhu wose akangomira, kanawo chimwe chakadaro. Tinongoenda kucheche toimba rwiyo, uye—uye tonzwa mharidzo shoma todzokera.” Asi kamwe-kamwe, ipapo, patinotanga kuoma, Jesu anobva auya panzvimbo iyo, otifefedza, ounza chimwe chinhu chitsva kwatiri. Anongogara aripo nguva dzose kuti aite izvozvo. Tariro itsva dzinouya kana—kana Jesu apinda. Hupo hwaKe hunounza tariro itsva.

⁴⁷ Waiziva kuti Iye ndiye waiva Shoko raMwari rakaratidzwa. Wakanga aona zera iroro. Kana kuti, kana dai akanga asina, angadai akaramba achiri muOrthodox. Ungadai akaramba ari nhengo yechechi. Asi akanga aona Shoko rakavimbiswa. Akanga aona Shoko rakavimbiswa raratidzwa naye uye akaziva kuti Iye waiva Shoko riya rinorarama. Uye paakazvinzwa, haana kuita hanyin’a nokuti vangani vaizomutsoropodza, kana chimwe chii, akamhanya achienda kwaAri nekukwanisa kose kwaiva maari. Maona? Wakaziva kuti Iye ndiye waiva Shoko rakaratidzwa.

⁴⁸ Pasina kupokana wakanga averenga rungano rwaEria mumazuva ake. Zvino, wakanga ari Shoko raMwari rakaratidzwa pazuva iroro. Waiva muporofita, uye Shoko raIshe rinouya kumuporofita. Uye pakanga paine mudzimai imomo wakanga aine mucheche waakanga apihwa neropafadzo raakanga aropafadzwa nemuporofita iyeye, zvino akanga ava nemwana.

⁴⁹ Rimwe zuva, nenguva dzinenge dza eleven o’clock, anofanira kuva akanga apiswa nezuva. Wakanga ari kumunda nababa vake, Bhaibheri hariti ndizvo zvakaitika, hariti akatsva nezuva, asi akatanga kuchema, “Musoro wangu! Musoro wangu!” panguva dzinenge dza eleven o’clock mangwanani. Zvino baba vake, vaiva nemuranda, akamutora akaenda naye kumba. Wakarara pamakumbo amai vake kusvika zvimwe masikati, ndokunyanya kurwara nokurwara, pakupedzisira akafa.

⁵⁰ Uye zvino, pachinhambo chokupererwa, va . . . vavakidzani vose vakauya vachizhamba nokuenderera saizvozvo, asi mai vava vakadzikama, mwana wavo aive afa, vakamutora ndokupinda naye mumba iya duku yavakanga vavakira muporofita, ndokumuradzika pamubhedha wake, saizvozvo. Ndokubva vati kumuranda, “Ndigadzirire nyurusi, uye iwe utasve wakanyatsonanga, uye usamira kunze kwokuti ndakuudza kuti udaro.” O, ini zvangu! Ndizvozvo chaizvo!

⁵¹ Hatina nguva yenharo nekekakavara. Izvi zvapfuura zuva iroro. Ngatiendererei mberi. Tinofanira kusvikako. Tinoda chimwe chinhu.

⁵² Uyezve akati, “Iwe enda mberi, uye usaneta pakumhanya kwako kunze kwokunge ndakuudza kuti udaro.” Zvino vakaenda kusvikira vasvika kunaEria.

⁵³ Eria, somunhu waMwari, asina kuita saKristu; Kristu waiziva zvinhu zvose, nokuti Aiva Mwari. Eria waiva chikamu chaMwari. Waiva Kristu muna Eria. Uye ndiro raiva shoko renguva, nokuti Shoko raShe renguva iyoyo rakanga riine muporofita iyeye.

⁵⁴ Jesu wakanga ari huzaro hwavaporofita avo vose, mumwe nemumwe wavo waingoMuratidza. Ndizvo zvoga. Nzira yose kubva kuna Josefa, kubva kumakobiri makumi matatu esirivheri, kwese, ai—airatidza Kristu. Ndizvo zvakaitwawo naMosesi!

⁵⁵ Dhavhidha, akagara pamusoro pegomo samambo akarambwa, achichema nokuti wakanga arambwa. Makore mazana masere mushure maizvozvi, Mwanakomana waDhavhidha wakagara pachikomo. Uyo waiva Mweya waKristu uri muna Dhavhidha ipapo. Uye Iye . . .Ini zvangu! Wakanga ari zvose Mudzi neBukirwa raDhavhidha. Saka Wakagara pamusoro pechikomo, achichema, saMambo wakarambwa, “Jerusarema, Jerusarema, Ndaifanira kukuvhumbamira rwakawanda zvakadiniko, sezvinoita huku vana vayo.” Changa chiri chii? Waiva Kristu kare ikoko.

⁵⁶ Waiva Kristu aichema apo Dhavhidha wakanyora rwiyo, “Mwari wangu, MaNdisiireiko? Mapfupa aNgu ose, anoNditarisa. Vakabaya tsoka dzaNgu nemaoko aNgu. Vakagovana hanzu dzaNgu pakati pavo. Vakakanda mijenya panguvo yaNgu.” Uyo waiva Kristu achitaura muna Dhavhidha. Ndizvozvo chaizvo. Wakanga ari kuratidzwa kweShoko. Kristu wakauya kuzozadzisa zvinhu izvo zvakanga zvataurwa navaporofita, nokuti Shoko rakanga riine vaporofita.

⁵⁷ Akati muchidzidzo chamanheru apfuura, kuti Iye wakauya kuzozadzisa zvakataurwa navaporofita pamusoro paKe, nokuti vaiva neShoko. Uye Eria waiva muporofita waMwari, Shoko rezuva iroro.

⁵⁸ Saka mudzimai weShunemi wakagara nomuporofita uya kusvikira auya ndokuratidza simba raMwari, uye akazvivatisa pamusoro pemwana, mwana ndokubva amuka.

⁵⁹ Zvino Marita unofanira kunge akacherechedza izvi, kunyange hazvo akanga akabatikana nokushambidza mumba, kusuka ndiro, nezvakadaro. Asi ipapo wakararatidza zvaave. Wakaratidza zvakanga zviri maari chaizvo. Akaenda kunoMutora pakarepo. Kana Mwari aiva muna Eria, Mwari aifanira kuva muna Kristu, nokuti wakanga aZviratidza

kuti ndiYe waiva Munhu wacho. Ameni. Ndinozvida izvo, kutsunga nomoyo wose ikoko! Anoenda kwaAri. Aifanira kusvika kwaAri. Anoona ipapo, paanosvika kwaAri—kwaAri; zvino rangarirai, akaziva kuti Iye haana kumboshanduka, kuti Mwari haazomboshanduri hurongwa hwaKe. Kana Aiva muna Eria uye achigona kumutsa vakafa, Aiva muna Kristu uye aigona kumutsa vakafa, kunyange Akanga asati azviita, nokuti ndiMwari mumwe chete.

⁶⁰ Nazvino haAsati ahanduka kwete! Achingori Mwari manheru ano sezvaAkangogara ari. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. HaAhanduki.

⁶¹ Uye Akaziva kuti uyu aiziva kuti chaiva maAri. Cherechedzai, mumaminitisi mashoma zvakazviratidza izvi, paakataura chimwe chinhu kwaAri pamusoro pehanzvadzi yake, akati, “Ishe, ini—ini ndinotenda kuti ndiMi wacho.”

⁶² Zvino Iye ndokuti, “Ndini Kumuka noUpenyu. Kunyange ange afa, asi achararama. Uye wose anorarama uye achitenda maNdiri haazombofi. NDIRI.” Ndiye NDIRI akanga ari mugwenzi raipfuta, naMosesi. “Ndini Kumuka. Ndini Upenyu. Ndaiva Madziro. Ndichiri Iye. Ndini Kumuka noUpenyu. Uyo anotenda maNdiri, kunyangwe anga akafa, asi uchararama. Ani naani anorarama uye achitenda maNdiri, haazombofi.” Mushure mekusimbiswa kukuru uku kwaakanga awana, kuti Iye aiva Shoko iri rakavimbiswa; apo paAkati, sezvo aiva Muporofita, Aisakwanisa kunyepa; naizvozvo Iye, paAkati, “Ndini NDIRI wacho. Ndini Iye ari Kumuka noUpenyu.”

⁶³ Iye akati, “Ndinotenda kuti iMi ndimi Iye wacho, Mwanakomana waMwari anofanira kuuya munyika. Kunyangwe hazvo hanzvadzi yangu yakafa, yakarara uko muguva, aka...mutumbi wake wava kuora iko zvino; asi kunyangwe zvino, chero chaMuchataura, chichaitika.” Ndizvozvo!

⁶⁴ Chaaingoda chete kunzwa Iye achizvitaure! Ameni. O, Marita, tiri papi manheru ano? “Ingotaurai Shoko; muranda wangu achararama!” KungoMunzwa achizvitaure! Vaigona kunge vakauya vakamuudza kuti Iye azvitaure, asi houno Akanga aripo paChake. O Mwari, svinudzai meso akapofomadzwa, kuti akwanise kuona! Kana Iye, muHupo hwaKe, otaura Shoko, rinoratidzwa nguva dzose.

⁶⁵ Akati, “Chipi nechipi chaMunokumbira kunaMwari, Mwari achachipa kwaMuri. Ingondiitai kuti ndizvinzwe!” Aingoda kuti Iye angotaura Shoko. Ndizvo zvega zvaaida kunzwa. Ingotorai Shoko, ndizvo zvoga zvaaida, kungoMunzwa achiti Aizozviita.

⁶⁶ Uye aigona kunge akazviita ipapo-ipapo, asi, munoona, nechiratidzo chaAkanga aratidzwa naBaba, Aifanira kunge akamira parutivi rweguva. O, ini zvangu! Batai pakutenda

kwenyu! Mwari vari kushandira zvose mukunaka. Zvichanaka chete. Ingomirirai kusvika asvika kuguva.

⁶⁷ Cherechedzai, aingokwanisa kuita kuti Azvitaure, kunyange akanga achiri. . . Tariro yose yakanga yapera, zvese hazvo. Akanga afa, achiora ari muguva, asi kungoMunzwa achizvitaure, ndizvo zvoga zvaaida.

⁶⁸ Zvino paAkati, “Ndini Kumuka noUpenyu,” akazvitenda. Akazvitenda. Zvino cherechedzai, zvino aifanira kutenda zvisingagoneki, paakaMunzwa achiti, “Ndini Kumuka noUpenyu. Kunyangwe akafa, asi uchararamazve, uye ani naani anorarama uye achitenda maNdiri haazombofi.” Akati, “Unotenda here izvi?”

⁶⁹ Uye akati, “Hongu, Ishe, ndinozvitenda. Ndinotenda kuti ndiMi Mwanakomana waMwari aifanira kuuya munyika.” Ndinozvida izvi. Ndinozvida izvi.

⁷⁰ Nda—ndakambotaura izvi kumashure. Zvinogona kushanda zvakare iko zvino. Ndaitaura nemumwe mudzimai kwete kare zvakanyanya, yaiva imwe chechi yandambotaura kanguva kapfuura, isingatendi kuti iYe waiva Mwari, Humwari hwaKe; Aingova muporofita, munhuwo zvake wemazuva ose.

⁷¹ Aiva izvozvo, chokwadi. Aiva izvozvo, uye Mwari pamusoro pazvo. Maona, Aiva kuratidzwa. Jesu ndiye mutumbi, Mukomana, Murume; Mwari ndiye aive icho chaigara maAri. Mwari waiva maAri. Akanga ari Mwari-munhu. Akanga ari Munhu, asi Akanga ari Mwari akaratidzwa munyama. Patinoona Jesu, tinoona Mwari. Ndizvo zvaAkataura, “Pamunoona Baba. . . muchiona Ini, munoona Baba.” Nokuti, Aiva chadzera, nokuti Aiva Shoko, ameni, raiva pamavambo. Amen.

⁷² Akadana vaporofita, “mwari.” Munozviziva here izvozvo? Akati, “Imi munovati ‘mwari’ avo kunouya Shoko raMwari. MungaNdiwanira mhosva sei kana Ndikati, ‘Ndiri Mwanakomana waMwari?’”

⁷³ Nokuti, Shoko rimwe chete iroro rakati Iye achange aripo, uye hero Shoko richiratidzwa zvakare. Uye zvakadaro vaisazvitenda.

⁷⁴ Mudzimai uyu akati kwandiri, “Ndinokwanisa kuzviratidza kwamuri.” Akati, “Ndinofarira kukunzwai muchiparidza, asi pane chinhu chimwe chete chamunonyanyisa kuita.”

“Zvakanaka, chii ichocho?”

Akati, “Munonyanyisa kudada naJesu.”

⁷⁵ Ndikati, “Ndine tarisiro yokuti ndizvo zvoga zvaAngandiwanira mhosva paAnouya.” Uye iye akati. . . ndakati, “Ndinotarisisira kuti ndizvo zvoga zvaAnogona, mhosva yaAnogona kuwana mandiri.” Ndakati, “Dai ndanga ndiine zviuru gumi zvendimi, handaikwanisa kutaura zvakakwana, O, ini zvangu, izvo zvaAri chaizvo!”

Akati, “Asi, imi, munoMuita Mwari.”

⁷⁶ Ndokuti, “Iye Aiva. Kana kuti, dai Akanga asiri, Aiva munyengeri mukurusa ati ambova panyika.”

Akati, “Aiva muporofita.”

⁷⁷ Ndakati, “Aiva Muporofita, ndicho chokwadi: Mwari-muporofita, huzaro hweShoko. Muporofita waingova neShoko bedzi richiuya kwaari, ndizvo zvinomuita—zvakanuita muporofita. Asi Iye akanga ari huzaro kweShoko iroro.”

⁷⁸ Mudzimai akati, “Ndinokwanisa kuzviratidza kwamuri.” Akati, “MunoMuita Mwari.”

Ndikati, “Akanga ari Mwari.”

Uye iye akati, “HaAngambovi Mwari.”

Ndakati, “Iye. . . Asi akanga Ari.”

Iye akati, “Imi mati munotenda Bhaibheri.”

Ndikati, “Hongu ndinodaro.”

⁷⁹ Iye akati, “Ndichakuratidzai, neBhaibheri renyu, kuti Akanga asiri Mwari.”

⁸⁰ Ndikati, “Zviitei. Kana Bhaibheri richidaro, zvino ndinobva ndazvitenda, nokuti ndinotenda kuti Shoko rakarurama.”

⁸¹ Iye akati, “Munzira inobva kuguva raRazaro, munozvirangarira muna Mutsvene Johane 11?”

Ndikati, “Ndinorangarira zvakananyanya, mudzimai.”

⁸² Akati, “Zvakanaka, zvino, munzira yokuenda, Akachema. Bhaibheri rakati, ‘Iye akachema.’”

Ndikati, “Zvirokwazvo, Bhaibheri rakati Akachema.”

Akati, “Aizova sei Mwari ndokuchema?”

Ndikati, “Aiva munhu.”

“Munhu uye Mwari?”

⁸³ Ndikati, “Hongu, amai. Munotadza kuona. Aiva mu—munhu paakanga achienda ikoko, achichema neavo vaichema, ndizvozvo chaizvo, achirwadzikana neavo vairwadzikana. Aiva munhu. Asi paAkaswatanudza muviri waKe muduku, wakaperezeka, ndokuti, ‘Razaro, muka,’ zvino murume akanga afa mazuva mana, akasimuka netsoka dzake. Izvi zvaitora anopfuura munhu, aiva Mwari muMunhu.” Ndiani anokwanisa kumutsa vakafa, kunze kwaMwari? Ndiye Kumuka noUpenyu! Ndizvo chaizvo.

⁸⁴ Usiku uhwo mugungwa uko, paAiva kunze uko, akaneta, akarara kumashure kweigwa, umo zviuru gumi zvemadhimoni akapika kuti aida kuMunyudza usiku ihwohwo, uye kaigwa kaduku kachembera aka kaipeperetswa uko nekoko sechivharo chebhodhoro mugungwa umo makanga mune dutu. Madhimoni aya akafunga, “TaMwana zvino. Akakotsira; tichanyudza boka

rose.” O, Akanga ari munhu, akaneta, asi paakangomutswa, Akasimuka ndokuisa gumbo raKe pamupendero weigwa, ndokutarisa mudenga akati, “Rugare, ngakuve nerunyararo,” uye mhengo nemafungu zvikaMuteerera. Uyo akanga achipfuura munhu.

⁸⁵ Aiva munhu paAive nenzara, achiburuka mugomo, achitsvaga chimedu chechingwa kana chimwe chokudya, kana onde rabva haro mumuti. Asi paAkatora mabhisikiti mashanu nehove mbiri, ndokupa zviuru zvisihanu zvavanhu kudya, akanga ari Mwari muMunhu iyeye. Ndizvozvo chaizvo.

⁸⁶ O, munhu wese akamboita chimwe chinhu chinobatika aitenda izvi, vadetemi vose vaitenda izvi. Ndokusaka mumwe akanyora kuti:

Mukurarama Akandida; uye mukufa,
Akandiponesa;
Mukuwigwa, Akatakura zvivi zvangu kuenda
nazvo kure;
Mukumuka, Akandiruramisa pachena
nokusingaperi;
Rimwe zuva Ari kuuya, O zuva rinobwinya!

⁸⁷ Eddie Perronet, uyo akanga ane nziyo dzaisatengwa. Rimwe zuva, achidzedzereka ari pasi pekurohwa neMweya Mutsvene, akatora chinoyeso, akanyora rumbo rwokugadza, paakanyora:

Mose kudzai simba reZita raJesu!
Ngirozi ngadzizvambarare;
Unzai korona yehumambo,
ToMugadza korona youmambo ova Ishe
wavose! (Hareruya!)

⁸⁸ Zvirokwazvo, tinotenda kuti ndizvo zvaAiva. Hongu, changamire.

⁸⁹ Anofanira kutenda zvisingagoneki zvino, kumafungiro echimanjemanje emuzuva iroro. Saka unofanira kutenda zvisingagoneki, kuti uone Upenyu hutsva, kuti uone chimwe chinhu chichiitika. Asi kana Akacherechedza . . . Mudzimai uyu akaMuziva seShoko, zvino zvisingagoneki zvinoitika, nokuti ndiYe Musiki, uye anomira nezvose zvaAkataura.

⁹⁰ “Uye zvinhu zvose zvinogoneka kune avo vanokwanisa kutenda.” Ndiro Shoko raKe. Asi zvisingagoneki zvinoratidzwa kana Mwari atorwa paShoko raKe. Hongu, changamire. Kana Mwari atorwa paShoko raKe, zvisingagoneki zvi—zvinoratidzwa. Kana Mwari ati zvichadaro, zvino iwe chitora Shoko iroro wotarisa izvo, zvisingagoneki zvichiitika. Zvinodaro zvamazvirokwazvo.

⁹¹ Asi tarisai, kunyange mune zvose izvi, akati, “Kunyange iko zvino, Ishe, chipi nechipi chaMunokumbira Mwari, Mwari anochiita.” Aiziva kuti aikwanisa kungwana chete Shoko irori

kuti ribve kwaAri. Ndizvo zvoga zvaaida kuti aite, kwaiva kuti angowana Shoko iroro. Hongu, yakanga iri nguva yake yerima gurusa kwaari, ndipo Jesu akauya akadana. O, chinhu chakadini chavakaona, rumuko!

Ngatitarise vamwe vakava nenguva dzerima dzakavasvikira.

⁹² Pakanga paine murume imwe nguva, ainzi Jobho, mumwe wevaporofita vekare muBhaibheri. Akanga ari murume ane mukurumbira. Akanga—akanga achida Ishe, uye akanga aita zvose zvaaziva kuti zvaifanira kuitwa. Uye Satani akashuvira kumupepete, saka akati kuna Mwari rimwe zuva... Hongu, Mwari akati kwaari, waro, “Wanga uri kupi, Satani?”

⁹³ Akati, “O, mukufamba ndichienda-nokudzoka uye ndichikwidza-nekudzika panyika.”

⁹⁴ Akati, “Wambocherechedza here muranda waNgu Jobho? Hakuna akaita saye panyika. Murume akarurama.”

⁹⁵ “O,” akati, “chokwadi, Makamupa zvinhu zvose, nokumuitira zvose. Chokwadi, murume ane mukurumbira. Asi chingomupai kwandiri nguva imwe chete, ndichashandura mafambiro ezvinhu. Ndichamuita kuti aKutukei, pameso peNyu.”

⁹⁶ Vakati, “Haukwanisi kuzviita.” Ndirwo ruvimbo rwaKe mumutendi. Sei? HaAna Magumo. Anogara Nokusingaperi-peri. Anoziva magumo kubva kumavambo. Aiziva kuti Satani haaikwanisa kuzviita. Nokuti, Iye iShoko, Aiziva zvaizoitwa naJobho.

⁹⁷ Zvino, rangarirai, Jobho, akamuzadza nemamota, akauraya vana vake, akatora zvose zvaakanga ainazvo. Utano hwake hwakanga hwaenda. Kunyangwe vaimunyaradza vakauya, uye hapana chavakakwanisa kuita kunze kwokungomupomera kuva mutadzi wepachihwande. Uye mutana Jobho akasvika muchinhanho chokusvikira akashungurudzwa zvakanyanya.

⁹⁸ Unofanira kupinda muchinhanho chekushungurudzwa, kutanga. Unofanira kusvika panguva yokuti wasvika kumagumo enzira.

⁹⁹ Jobho wakasvika kumagumo enzira, paakati, “Ngaritukwe zuva randakaberekwa. Zuva ngarisatombopenya, uye mwedzi ngausopenya pausiku, zita racho ngarisatombodaidzwa.” Zvino mukushungurudzwa kwakadai, ipapo Jesu akabva auya. Akatarisa pasi, uye akati, “Ndinoona, semunhu, ruva rinofa, uye rinomuka zvakare munguva yepfumvudza. Kana muti ukadonhedzwa nemhepo, unomuka zvakare panonhuwira mvura.” Akaona upenyu hwese hwezvinomera huchirarama zvakare, asi akati, “Munhu anorara pasi, anoregedzera mweya wake, ari kupi?” Aiziva kuti akanga ava mutana. Akati, “Vanakomana vake vanouya kuzomuchema, uye haazvizivi.

O, dai Mandiviga muguva mondichengeta munzvimbo yakahwanda, kusvika kutsamwa kweNyu kwapfuura. Ndipei nguva uye munditarire nguva. Takaenda. . .” Uye achienderera mberi saizvozvo, achitaura. Wakanga ava pamagumo, okushushikana kwake, “Chii chaizoitika? Mashizha anorarama, anodzoka zvakare pamiti, maruva anomera zvakare, zvimwe zvose zvinomera, asi munhu unorara pasi woregedza mweya wake!” Wakanga ari pakamanikana. Wakanga asingazivi kuti chii chaizogona kuitika kwaari, uye iye ari pazera iroro.

¹⁰⁰ Paakadaro, Jesu ndipo paakauya. Mwari wakaringisa musoro wake wakananga mudenga, uye akaona Jesu achiuya mumazuva okupedzisira.

¹⁰¹ Nguva yerima gurusa iyo mudzimai wake paakati, “Tuka Mwari ufe rufu,” asi zvakadaro akati, “Mudzimai, unotaura somudzimai benzi. Ishe vakapa, uye Ishe vatora, Zita raShe ngarikudzwe.” Kunyange mudzimai wake wakamuramba. Chechi yake yakamuramba. Munhu wose akamuramba.

¹⁰² Munguva iyoyo yerima, apo paakanga asingazivi kuti unoendepi kubva ipapo, Jesu ndipo paakauya. Ipapo wakadanidzira, “Ndinoziva Mudzikinuri wangu anorarama, uye nemazuva okupedzisira Achamira panyika. Kunyange mushure mokunge honye dzeganda rangu dzaparadza mutumbi uno, asi zvakadaro munyama yangu ndichaona Mwari, Uyo wandichazvionera ndomene.” Munguva yake yerima gurusa, ndipo Jesu paakauya. Hongu, changamire.

¹⁰³ Mosesi, pana Mosesi, nguva yerima gurusa kwaari yakauya muIsraeri. Wakanga ari mugwara rokuita basa; akasangana naMwari ikoko mugwenzi, ndokubva ati, “NDINI WANDIRI.” Wakadzika akarwa nemhando dzose dzokutevedzera kwavana Jane naJambure, vaiedza kutevedzera basa rake. Pazvose izvi, akamira akatendeka kuna Mwari. Pakupedzisira wakaita kuti Israeri itende. Uye heunoi ouya achibuda muEgipita, achikwira kuenda ku—kunyika yechipikirwa, uko Mwari akati, “UchaNdinamata pagomo rino.” Ndiro rakanga riri Shoko raMwari. Mosesi waiziva kuti waifanira kuenda kugomo iroro. Amen. Mwari wakataura kudaro! Hapana Farao waigona kumuuraya. Hapana dhimoni raigona kumuuraya. Hapana chaigona kumuuraya. Ari kuuya kugomo iroro. Amen! Hareruya! Ndinonzwa kuva womweya. Ari kuenda kugomo riya.

¹⁰⁴ Saizvozvo tiri munzira yedu kuenda muKubwinya! Hapana chiri kuzotimisa. Kwete, changamire. Mwari ari kuzosimbisa Shoko raKe. Handina basa kuti chii chinaitika, Ari kuzozviita, zvakadaro. Hongu.

¹⁰⁵ Ari munzira yake, ari mugwara rokuita basa. Heunoi yu, akakombwa pakati pemakomo. Anoteerera onzwa kutinhira kumashure kwake. Chiiko ichi? Zviuru, zvengoro

dzaFarao, dzichiuya; dziine zvombo, nemapfumo nezvimwe, kuti vavawisire pasi pamwe nokuvatsika-tsika pasi. Herinoi Gungwa Dzvuku, rakamudzivirira. Chii chaakaita? Akasvika paku- . . . Akasvika pakumanikidzika. Vanhu vose vachizhamba, “O, tapinda munjodzi zvino. Farao wava kuzotiuraya, minondo yake ichatibaya. Vacheche vedu vachafa muno murenje.”

Mosesi wakadanidzira, “O Mwari!”

¹⁰⁶ Zvino ipapo Jesu wakauya panzvimbo iyoyo. Ndiye waiva Shongwe yeMoto. Ndizvozvo. Wakaburuka pasi Iye ndokurembera pakati pake nenjodzi. Amen. Ndiye Munyayi wedu. Ndiye Mumiririri, ameni, Murevereri. Hoyu Wakamira, akamira ipapo; rima kuvaEgipita, avo vakanga vachiuya kuzaedza kuita chimwe chinhu pamusoro pazvo. Wakanga ari Chiedza kwavari, chokufamba nacho. Zvino mangwanani pakatanga kuvhuvhuta mhengo zvakasimba, manheru iwawo, zvino chii chaAkaita? Wakanga auya ari muchimiro cheShongwe yeMoto.

¹⁰⁷ Rangarirai, Achiri Shongwe yeMoto iya. Hongu, changamire. PaAkanga ari panyika, Akati, “Ndakabva kuna Mwari, uye Ndinodzokera kuna Mwari.”

¹⁰⁸ Zvino mushure merufu rwaKe, kuvigwa, kumuka kubva kuvakafa, nokukwira kudenga; Mutsvene Pauro, ari munzira yake achidzika kuenda Dhamasiko, wakaroverwa pasi neShongwe yeMoto iya. Rangarirai, waiva muHebheru. Haaigona kunge akataura izvi. . . Akati, “Ishe, ndiMi Ani?” Vara guru I-s-h-e, Erohimu. “Ndimi Ani wandiri kutambudza?”

Iye akati, “Ndini Jesu.”

¹⁰⁹ Amen! Hareruya! Ndiye Wokutanga noWokupedzisira. Achiri mumwe chete. “Nguva shomanana nyika haingaNdioni, asi imi muchaNdiona. Ndichange ndiinemi, kunyange mamuri.” Shongwe yeMoto imwe chete, Mwari mumwe chete achiita chinhu chimwe chete, nevimbiso imwe chete, ameni, achiita kuti Shoko raKe riratidzwe. “Ndini Kumuka neUpenyu. Ndini Uyo Akambovapo, Uyo Aripo, uye Uyo Achazouya.” Hongu, changamire. Hongu.

“Madzibaba edu akadya mana murenje.”

¹¹⁰ Iye akati, “Ivo, mumwe nemumwe wavo, wakafa. Asi, NDIRI WANDIRI.” Mosesi. . . Mugwenzi raipfuta, uyo waiva NDIRI. Achiri NDIRI, kwete Ndaiva; NDIRI, iko zvino, nguva dzese.

¹¹¹ Tinoona pano kuti Mosesi wakatoiswa muchikona ichi, uye Kristu ndokuburuka. Zvino, Bhaibheri rakataura, kuti, “Mosesi wakakoshesa ku—kushorwa kwaKristu kuva pfuma huru kupfuura hupfumi hweEgipita.” Kushorwa kwaKristu! Kristu ndiye waiva Chizoro, Rogosi yakabuda kubva muna Mwari. Mutumwa, mudzidzi wose weBhaibheri unoziva kuti Mutumwa uyu waiva Kristu. Zvino hounoi ari murenje,

uye Akauya panzvimbo iyoyo, ari muchimiro chaAifanira kuratidzwa machiri. Mwari ngaakudzwe!

112 Anouya nhasi ari muchimiro, Kristu mumwe chete, akaratidzwa machiri.

113 Wakavaudza kuti Waizovabudisa. Wakanga achizviita. Hounoi Wauya kuzomira neShoko raKe, kuRisimbisa. Zvino mushure mokunge Auya, sezvaAkaita kuna Marita, ipapo Akadana. Akati, “Mosesi, uri kuchemei kwaNdiri? Taura kuvanhu ava, kuti muende mberi.” Nguva iyo yerima, Gungwa Dzvuku rakavhurika ivo vakayambuka, parwendo rwavo rwokunozadzisa Shoko raMwari. Hongu, panguva yaMosesi yerima gurusa, ipapo Jesu wakauya. Tine nguva zvino... Zino Akadana Mosesi.

114 Tinoda kukuitai kuti muone mumwe murume muduku. Zita rake wainzi Jairosi. Varipo vazhinji vavo panyika nhasi. Wakanga ari mutendi wapachivande. Aida Jesu. Wakanga anzwa nezvaKe. WaiMutenda. Asi, munoona, wakanga akatozvibatanidza kare nesangano. Hongu. Iye—iye—iye—iye akango... Wakanga asingagoni kubuda pachena uye ozvipupura. Waizvitenda, asi wakanga asingagoni kuzvipupura, nokudaro wakanga azvibatanidza nevasingatendi. Asi waizvitenda zvamazvirokwazvo.

115 Munoziva, kana munhu akapinda muchimiro chakadaro, dzimwe nguva Mwari anomuunza pamangange. Panguva yokumanikidzika ndipo patinonyatsoratidza ruvara rvedu, izvo zvatiri chaizvo.

116 Saka hoyo, akanga akatozvibatanidza kare nevasingatendi, uye wakanga aendako akandoisa zita rake pabhuku, nezvakadaro. Uye waiva muprisita, uye naizvozvo aka—akatadza kupupura, nokuti ndipo paiva netikiti rake rokurarama naro. Saka, asi zvakadaro waitenda muna Jesu.

117 Rimwe zuva, mwanasikana wake mudiki wakarwara. O, ini zvangu. Iye, pasina kupokana murume wacho, dai iye... saizvozvo, angadai akadana chiremba. Chiremba ndokuuya, akabatsira mwana. Fivhiri yake yakaramba ichinyanya kuipa uye ichinyanya kuipa. Mushure mechinguva akanyatsopisa, nezvose, kusvikira asvika pakutarisana nerufu. Akanga ava pakumanikidzwa. Aitofanira kuita chimwe chinhu. Iye—iye akanga asingachazivi kuti oita sei. Zvino wakafunga, “Kana ndikangokwanisa bedzi kuMwana, chero kwaAri.” Zvino haana kumirira kusvikira yave nguva yeusiku, sezvakaitwa naNikodhimo, kuti aonane naye pachivande. Yanga iri nguva yokuona zvokuita, nguva yanga yasvika yokuona zvokuita uye aifanira ipapo kuti atoita chimwe chinhu.

118 Uye ndinofunga, hama, hanzvadzi, zvimwe chetewo iko zvino. Nguva yasvika zvino yokuona zvokuita. Nguva yasvika yokutenda kana kusatenda. Mutsetse iwoyo unopatsanura

unouya kune murume wose nomudzimai wose. Unouya kumwana wose. Dzimwe nguva kana wayambuka mutsetse iwoyo, panenge pasara chinhu chimwe chete bedzi, kutongwa, kana wapfuura pakati petsitsi nekutongwa, paunopfuura muganhu iwoyo.

¹¹⁹ Rangarirai, akapinda pakumanikidzwa. Wakanga asingachazivi kuti wodini. Havo vaprisita vake vakanga vakamirapo, vana rabhi vose vakamira vakamukomberedza. Vaaiyanana navo vaiva naye, vose zasi ikoko, vakatarisa vachiona mwanasikana wake muduku achifa. Chiremba vakamira kunze, vakapeta maoko avo, vachizunza maoko avo, “Ndapa mishonga yose yandinoziva, asi zvakadaro . . .”

¹²⁰ Munoono, ndiJesu wakanga achishanda nguva yose iyi. Jesu wakanga achiita izvi nechikonzero, kuti abudise rudzi rwemuchinda muduku uyu. Mushure mechinguva, ndinomuona achinotora heti yake diki nhema ndokuipfeka, ndokupfeka bhachi rake rohuprisita.

“Wava kuenda kupi?”

¹²¹ “Ndiri . . .Ndanzwa kuti Ari zasi kurwizi. Ndava kuMutevera!” O, ini zvangu! Akabva angoenda!

¹²² Munguva iyo yokumanikidzwa, waitofanira kutora sarudzo: oregera mwana wake achifa, kana kuti aiziva kuti ndiko kwaiva kuratidzwa kweShoko. Waiva muprisita, uye wakanga averenga Shoko, uye aiziva kuti uko ndiko kwaiva kuratidzwa kwaMwari. Mwari waiva muna Kristu, achiZviyananisa nenyika. Aizviziva izvozvo, ndokubva amanikidzirwa panyaya yacho. Waifanira kuita mhosho, kurega mwana wake achifa, kana kuti opa kupupura kwake. Paakapinda pakumanikidzwa uku, ndiyo nguva saiyo apo Jesu akauya. Akaenda kundoMuona. Iye akati—Iye akati, “Ndinoenda nemi, chero zvamunenge mataura.” Zvino kunze uko munzira, pakauya mumhanyi, chinhu chitema icho. Wakapa kupupura kwake, kwekuti waitenda maAri. Wakanga atozvidzinga ega zvino, uye ndokuzviisa paaiwonekwa navanhu vose zvino, kuti waitenda muna Jesu.

¹²³ Zvino pakauya mumhanyi, ndokuti, “Musawana munhu wamuchanetsa, nokuti mwanasikana wenyu watofa kare. Wakafa nezuro. Wakatofa kare. Regai, musachanetsana naye zvakare.”

¹²⁴ Uye, o, moyo wake mudiki wakapotsa wakundika. Asi wakatarisa akaona maziso ayo aJesu, ndokuti, “Handina kudaro here kwauri? Usatye, kana uchida kuona kubwinya kwaMwari. Unotyei? Ndakuudza kare kuti ndichaenda.”

¹²⁵ Akatotaura kare kuti Achauya. Akatotaura kare kuti Achaita izvi, zvino heUnoi ari kuzviita. Amen. Akati Achauya panzvimbo mumazuva okupedzisira uye achiita zvinhu izvi sezvaAkamboita, sezvatakaverenga manheru apfuura tikataura. Heunoi pano Ari kuzviita. Unotyeiko?

126 Rangarirai, paAkauya, Akamudana kubva kuvakafa. Akauya panzvimbo iyoyo ndokumudana kubva kuvakafa.

Bhartimeo bofu wekare, imwe nguva, akasvika panguva yake yerima gurusu.

127 Jesu waiva zasi uko, ndokuronga kudya kwemangwanani kweFull Gospel Business Men zasi uko mu—muJeriko, uye Aiva naZakeo zasi ikoko. Wakanga asangana naye mumuti, zasi mumugwagwa. Saka paAkanga . . . Zvakanaka, haAna kugona kuronga chimwe chinhu zvakare, ndine chokwadi nazvo. Maona? Saka zvino paAkauya zasi ikoko, zvino Iye—Iye aiva naye, Zakeo akanga aenda naYe.

128 Bhartimeo bofu wekare wakanga ari bofu kubvira achiri mukomana muduku. Zvino wakafunga kuti Jesu waigona kubuda nepagedhe iroro, zvino akanga akamirira. Mushure mechinguva akanzwa ruzha rwakawanda, munhu wose achiuya napo.

129 Zvino akanzwa muprisita achiti, “Heyi! Heyi, iwe, iwe uri kukwidza chikomo apo! Waka—waka—waka . . . Tinonzwa kuti unomutsa vakafa. Tine nzvimbo yemakuva yakazara navo kumusoro kuno. Kana uriwe Mesiya, kana uriwe Mesiya, huya kumusoro kuno umutse vakafa ava.”

130 Munoziva, dhiyabhore mumwe chete iyeye achiri kurarama, munoona, muchimiro chezvinamato, nenzira imwe chete. Maona?

131 “Kana uriwe Mesiya, isu . . . unomutsa vakafa; tine nzvimbo yamakuva yakazara navo kumusoro kuno. Huya.” Uye, O, munhu wose achizhambatata. Mumwe achidanidzira, “Hosana kuMuporofita!” Mumwe achidanidzira *izvi, izvo*, kanawo *zvimwe*. Nyonganyonga yakadaro!

132 Mutana uyu bofu akafunga, “O, NdatoMupotsa. Abuda nezasi uko, uye ndafunga kuti Achauya kuno. Ndaiswa panzvimbo isiri iyo.” Zvino akatanga kudanidzira. Ndokufunga, “Kana Ari Shoko, Iye ndiMwari; Anotofanira kuva.” Saka, “O Jesu, Imi Mwanakomana waDhavhidha, ndinzwireiwo tsitsi!” Munguva iyo yokumanikidzwa, akadanidzira.

133 Zvino Jesu, kana mukazvicherechedza apa, waiva paJeriko. Pavanoti wakanga akagara, aiva mayadhi zana namakumi mashanu kubva paiva naJesu. Paine zviuru zvevanhu vaingunomhanyidzana paAri, haAigona kunge akanzwa kudanidzira kwemurume uyu. Kwete. Asi Akazvinzwa maari. Akamira.

134 Ndinoda kuparidza, pane humwe hweusiku huno: “Zvino ipapo Jesu wakamira.” O! “Zvino ipapo Jesu wakachonjomara.” O!

135 Asi apo Jesu paakamira, chaiva chii? Akamudana. “Tenzi auya. Usaneta,” vadzidzi vakadaro, “Anokudana. Ari kukudana.” Akamudana kubva mumhomho iyo yevanhu.

Anoita chinhu chimwe chete nhasi. Zviri kunyatsopinda here? Maona?

136 “Tenzi vauya uye vakudana.” Uye Akamudana kubva muupofu kuuya muchiedza, kubva murima kuuya kuchiedza. Zvino Wakamudana, kubva murufu kuuya muUpenyu. “Tenzi vauya uye Vari kukudana.” Uye paAkamudana, Akamudzorera kuona kwake.

137 Mudzimai muduku waiva nechirwere chekubuda ropa, imwe nguva, pamusoro pechikomo, anga apedza mari yake yose, kumachiremba. Iye, pasina kupokana, vakanga vatengesa ti-timu. Vakanga vatengesa pu-purazi, rakanga raiswa pachikwereti. Vanga vakashandisa zvose zvavaigona kubhadhara vana chiremba, pakashaiwa kana mumwe akamubatsira. Airamba achingonyanya kurwara achingowedzera kurwara. Ropa harina kumbomira. Zvichingodaro, zvakaramba zvichingoenderera mberi, akaramba achingodzika nekudzika.

138 Rimwe zuva, akagara ipapo achiruka, ari pamusoro pechikomo paigara, akatarisa zasi mumupata, akaona igwa richiuya. Vanhu vose vakatanga kumhanya, “Hosana kuMuporofita!”

139 Akanga anzwa nezvaKe. Kutenda kunouya nokunzwa. Zvino akati, “Ndichadzika zasi ndinoMutarisa.”

140 Uye paakafamba achidzika zasi ikoko, zvino akatanga nokuona Shoko raMwari richiratidzwa munyama, paiva nechimwe chinhu pamusoro pokutaura kwaKe nokuratidzika kwaKe, akabva aziva kuti aiva Iye. Hongu, changamire. “O, dai ndikangogona kuti ndikwezve meso aKe neimwe nzira, dai ndangokwanisa kuMubata neimwe nzira!” Ndokubva asenerera nomumhomho yevanhu zvino akandobata hanzu yaKe.

141 Zvino rangerirai, hachisi chigunwe chake chaAkanzwa. Kwete, changamire, nokuti hanzu dzekuPalestine dzinopfekwa dzakaregedzeka. Uye Iye . . . ivo s- . . .

Petro akati, “Munhu wose aKubatai.”

142 Iye akati, “Asi uku kubata kwakasiyana. Ndinonzwa kuti Ndaperasimba.”

143 Jesu wanga auya. Mari yake yakanga yapera, zvose zvakanga zvapera; asi munguva iyoyo yerima apo ropa rakatadza kumira, uye vana chiremba vakatadza kurimisa, Jesu akauya. Uye zvii zvaAkaita? Akamudana. Akacheuka-cheuka kusvikira Amuwana, ndokubva Ati, “Wanga uchirwara nechirwere chekubuda ropa, asi ramira.”

144 “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” “Tenzi vauya uye Vari kukudana. Vauya uye Vakadana.” Vakamudanira kudzokera kuhutano.

145 Mudzimai mudiki wepatsime, uyo watakatura nezvake manheru apfuura, tariro yose yakanga yapera. Zvichida, pamwe murume wake wechishanu wakanga amusiya, ndokubva atora wechitanhatu uyu manheru iwayo, uye iye—iye wakanga asinganyatsovimba naye. Pamazvibatiro, wakanga aparara. Iye waida kuva mudzimai chaiye; iye, pasina kupokana, akambenge achiverenga Bhaibheri.

146 Uye akanga achienda hake ipapo, achikwidza nguva inenge eleven o'clock. Haaigona kuuya rungwanangwana apo madzimai akarurama paaiuya. Zvino waitakura mvura yavo pamusoro wavo, nezvirongo, uye vachidzokera zasi ikoko. Saka wakanga asingagoni kuuya, osangana navo. Ivo, vaiva nerusarura pana izvozvo muzuva iroro, vakanaka nevakaipa vakanga vasingasanganiswi pamwe chete. Vakanga vasina hunhu vaigara munzvimbo yavo, saka haaigona kuuya pamwe chete nevamwe vese. Vakanga vasingamutenderi kuti auye. Saka mushure mokunge vanhu vose vachera mvura dzavo uye vadzokera . . . Iye wakazovinga iri nane.

147 Zvino ipapo wakauya nepoto yake pamusoro wake, pasina kupokana achifamba hake, achifunga, “Zvino, murume wandakaroorwa naye, kana kuti, wandakatora manheru apfuura, handisi kuvimba naye. Murume, ane maitiro anonetsa kunzwisisa. Ini—ini handina chandinoziva pamusoro pake. Handina kana mukana. Ndakarambwa neve munharaunda. Uye handigoni kuenda kumachechi ayo, havadi. . . Ingovatarisai! Handizivi kuti ndoita sei. Ndiri pakumanikidzwa. Uye ndanga ndichiverenga Bhaibheri; zvirokwazvo, rimwe zuva, Muporofita uya uchauya panzvimbo iyoyo. Zvino ndinoziva kuti vakati hakuna chinhu chakadaro, uye izvi ndizvo, ‘Kuda zvichaitika pamwe makore zana ari kumberi, uye chiuru chemakore kumberi. Tanga takazvitarisira kwezviuru zvamakore, uye hazvina kumboitika nazvino, saka hatisi kuzvitarisira zvino.’ Zvinhu zvose zvangova sezvazviri, ‘O, kwete, tine machechi nezvimwewo. Hatichadi chinhu chakafanana naichocho iko zvino.’” Saka nokudaro aifamba saizvozvo, achifunga.

148 Munoziva, paunofunga pamusoro paKe, ndipo paAnozviratidza kwauri. Sezvatakava nazvo manheru apfuura, pavaive munzira yavo vachienda Emausi.

149 PaAkafunga pamusoro pezvinhu izvo, akanzwa Murume ava kuti, “Ndipeco mvura yokunwa.”

150 Chiiko pamusoro pazvo? Munguva dzake dzerima gurusu, apo hunhu hwake hwakanga hwaparara. Pamwe mudzimai mudiki wakanaka pachiso, akanga aendeswa mumugwagwa kuti ararama saizvozvo. Dzimwe nguva haisi mhosva yomusikana

uyu muduku, imhosva yavabereki vake, kumuregerera achienda kunze saizvozvo. Zvino hounoi zvaakange ave, pamwe vhudzi rake rakamonyoroka rakaremba; akarukutika, achienda, akaneta, uye pakanga pasina waiva nechokuita naye, mwana, uye pamwe pane rungano rukuru shure kwazvo.

¹⁵¹ Zvisinei, ndinoziva chinhu chimwe chete, akanga averenga Bhaibheri, uye aitenda Bhaibheri. Uye makanga muine mbeu duku yakarara pakadzika mumoyo make, ichiti, “Kana zvikangoitika chete, ndinobva ndazviziva.” Akanga akatemerwa kwazviri.

¹⁵² Tarisai kuna Judhasi wakare akamira apo uye achiita sezvaakaita. Pasi pemoyo wake pakanga pakasviba. Chiedza chaipenya kunze kuno mumabasa ake, asi pakadzika pemoyo wake akanga asingaZvitendi. Uye hounoi pano...Maona, Chiedza hachaisakwanisa kusvika ipapo. Asi hounoi mudzimai pano, achitenda, akanga achiZvitenda, asi upenyu hwake hwakanga hwava nerima; zvino Chiedza pachakapenya, Chakabuditsa kusviba kwese kunze. Asi Chiedza pachakapenya pano, Chakaisa rima ipapo pose. Ndiwo mutsauko wacho.

¹⁵³ Munoono, akanga azvarirwa chinangwa ichocho. Iye—iye akati, paAkamuudza kuti aiva nevarume vangani, mudzimai. . . Chii chakaitika? Akaba angotanga kufara saizvozvo. Akapinda mukumanikidzika. Akati, “Changamire, ndinoona sokuti Muri Muporofita. Ndinoziva kuti kana Mesiya auya, Achaita zvinhu izvi.”

¹⁵⁴ Zvino Akamudana. Zvino Akamudana. “Ndini Iye, Iye ari kutaura newe.” Akazviziva nokuda kweShoko raMwari. Akamudana kubva kuzvivi zvake, kuUpenyu. Uye zita rake riri muBhaibheri, uye ane Upenyu husingafi nhasi.

¹⁵⁵ Anogona kukudana nenzira imwe chete iyoyo, nokuti Iye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ichochi . . .

¹⁵⁶ Hongu, hunhu hwake hwakanga hwaparara, asi zvakadaro akaziva kuti Iye akanga ane kunzvera uku. Akaziva kuti uyu aifanira kuve Mesiya. Zvino Jesu paAkati, “Ndini iYe, Ndini iYe,” akaziva kuti ndizvo zvazvaiva.

¹⁵⁷ Imwe nguva vadzidzi vakanga vaenda vari muigwa, tariro yose yakanga yaenda. Madutu, vakanga vaenda vasina Jesu, zvino madutu akanga a—aita sezvazvaiva kumba kwaRazaro. Tariro dzose dzakanga dzapera. Kaigwa kakare kaduku kakanga kazara mvura. Uye vakanga vachizhambatata nokuchema, uye pamwe vachinamata nokuenderera mberi, uye mheni ichipenya, igwa rikazara nemvura, matanda anomiswa muigwa akadonha, zvekukwasva zvikatyoka, zvino vakanga vakabatana, vachichema.

¹⁵⁸ Uye munguva yerima gurusa chairo, zvino Jesu akauya achifamba. Asi Airatidzika semumvuri kwavari. Aityisa, semweya, ivo ndokuchema nokutya.

159 Ndiro dambudziko ririko nhasi. Jesu anouya munguva yako yenguva yerima, uye iwe unenge uchiZvitya. Hauzivi zvaZviri.

160 Havana kuziva zvaAiva. Vakati, “O, mweya!” Vakanga vachizhambatata.

161 Zvino ipapo Akavadana, ndokuti, “Musatye, Ndini.” Munguva yerima gurusu, Jesu anobva auya, Rubatsiro rwavo. Ndiyo nzira yaAnogaroita nayo, anouya munguva yerima gurusu. Zvino Jesu akauya akaZviratidza, ndokuuya kwavari.

Petro akati, “Kana muri Imi, ndidanei ndiuye nepamusoro pemvura.”

Jesu akati, “Huya hako.”

162 Munombozivei, shamwari? Nokuchimbidza Achavinga avo vari mumazuva ano okupedzisira. Zvino, hazvishamisi here kuti chechi yapinda munguva yerima zvakare?

163 Ndava kuzotaura chimwe chinhu pano. Haisi dzidziso. Ndiri kungoporofita. Munoziva kuti chii chakaitika? Zvichasvika pachinzvimbo chokuti, munguva shomanana inotevera, batisisai shoko rangu, kuti masangano ose achabatana neEcumenical Council. Kana vakasadaro, havakwanise kuwana tsigiro yeCouncil. Nokudaro, pachava nokusabatirana pamwe, uye hapana anogona kuenda kumachechi aya, kana kune ipi zvayo chechi; kutosiya bedzi kana uine mucherechedzo kubva kuchechi yako, haukwanisi kutenga kana kutengesha. Munozviona sezvazvaiva, ndizvo zvazvichavazve, mucherechedzo kuchikara. Uye chechi, vava kuzviona izvozvo, vanhu vomweya.

164 Uye imi vanhu vePentecosti, zvakadarowo, mava kuzviona. Matanga kuzvinzwa. Apo machechi enyu, mazhinji amasangano ePentecosta; uye handifaniri kudoma mazita enyu, asi munotoziva kuti izvozvi vari—vari kupinda mairi. Vakatopupura kuti vakadaro. Zvino pamunodaro, chii chamuchazofanira kuita? Mava kutozorasikirwa nedzidziso yenyu yeVhangeri yerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Mava kutozorasikirwa nedzidziso yenyu yeBhaibheri.

165 Uye nhengo hadzisi kuzomirira izvozvo. Makristu chaiwo akazvarwa patsva anosva afa, kutanga. Vakayambirwa neShoko. Vanoziva kuti chinhu ichi chiri kuuya. Hongu, changamire.

166 Zvino hazvishamisi here? Uye chaimo munguva ino yerima gurusu, zvino Jesu anouya otidana, ndokuti, “Musatya. NdiNi. Ndichiri nemi. Ndiripo pano kuratidza Shoko raNgu.” SezvaAiva munguva yakare, ndizvo zvaAri iko zvino. Akati Achaita izvozvo. O, ini zvangu! Tenzi vauya uye vatidana.

167 Vanhu vazhinji vanorwara vari pano, pasina kupokana, kuti vakagara pano, uye chiremba akatokuudza kuti ha—hapasisina tariro kwauri. Unogona kunge uri munguva yako yerima gurusu, asi, rangarira, Tenzi vauya uye vakudana.

¹⁶⁸ Uye rimwe zuva, rimwe zuva, Tenzi vachauya zvino vodana zita rose riri muBhuku reGwayana roUpenyu. Kana enyu asimo, ita kuti rivemo zvino, nokuti Achauya uye agodaidza. Kunyange avo vari muguva vachanzwa Inzwi raKe zvino vagomuka kuUpenyu. Tenzi vachauya vagokudana. Zvino apo Ari kudana nhasi, pindura uye uite gadziriro yeZuva iro, ndiyo rairo yangu kwauri.

¹⁶⁹ Vimbiso yezera rino, Akavimbisa kuti Achange ari pano. Zvinhu zvaAkaita, Achazviita zvakare, uye zvino zvakare Tenzi vauya uye vari kukudana.

¹⁷⁰ Ngatikotamisei misoro yedu. Ndine mamwezve mapeji anenge matanhatu pano, asi ha—handigoni kusvika kwaari zvino. Ngatikotamisei misoro yedu. Ndavimbisa kuti ndichakuregdzai muende nokukurumidza, uye nechekare dzatopfuurira nemaminitsi gumi nemashanu.

¹⁷¹ Baba vari Kudenga, O Ishe, ngazviitike zvakare. Zvinhu zvose izvi zvandataura, “Jesu wauya uye ari kukudana.” Ko Anoitai sei kana Auya? Anodana. Uye itai kuti zviitike zvakare, Ishe. Regai Mweya weNyu Mutsvene uuye pakati pevanhu manheru ano, Ishe Jesu ari muchimiro che—cheMweya. NgaAuye manheru ano agoZvizarura, uye nokuZviratidza. Sevanhu vaya, manendero avakaita, isu tichatendawo, zvakare, Ishe. Varipo vazhinji pano, dzimwe nguva, vasina kumbwana mukana uyu. Tinonamata kuti Imi movape zvakare manheru ano. Nokuti tinozvikumbirira kuitira kubwinya kwaMwari, muZita raJesu. Amen.

¹⁷² Ndizvozvo chaizvo, hanzvadzi, asi ingoenderera mberi naizvozvo. Zvakanaka. Endererai mberi. O, ngatinyararisei, munhu wose.

¹⁷³ Munotenda here kuti Auya? Auya. Achiri kungodana here paAnouya? Zvino dai mukangotenda bedzi. Kana mukangotenda bedzi Shoko raMwari, Mwari unozviita.

¹⁷⁴ Zvino tarirai, handina nguva yokudaidza mutsetse wokunamatirwa kumusoro kuno. Ndichavadana manheru ano, vari ikoko, kana Ishe vachida. Tenzi vauya. Vauya kuzoadzisa Shoko raVo muzuva rokupedzisira. Uye zvaVaiva kareko, ndizvo zvaVari nhasi. Zvaiva maratidzikiro kana mazvizivisiro aVo kareko, ndizvo zvimwe chete nhasi, nokuti Vachiri Shoko raMwari. Munozvitenda here izvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Uye Shoko raMwari Munzveri wepfungwa, nemifungo yemoyo. Uye nzira yaAkaita nguva iyoyo, ndiyo nzira yaAkagara achiita. Achiri mumwe chete. Kana Akagona kuzviita izvozvi, mungaMutenda here? Zvingakuitai here kuti muMutende?

¹⁷⁵ Imi vanhu muri kunze uko zvino, regai ndombotanga ndatarisa ndione kana paine mumwe wandinoziva, akagara chero papi hapo imo muno, wandinoziva.

176 Vose vari mose muno, nokumusoro *kuno*, vasingandizivi, simudzai maoko enyu; vanoziva kuti handina chandinoziva pamusoro penyu, uye muchirwara, simudzai maoko enyu. Ndinofungidzira, munhu wose. Zvakanaka, zvino, munotenda. Imi chingotendai nomoyo wenyu wose. Musapokana. Ivai nokutenda. Tendai muna Mwari.

177 Ndava kukukumbirai kuti munyararise, makagara. Musafamba-famba zvino, ndapota musadaro. Maona? Maona? Iwe uri mu—munhu womukati, mutumbi, nomweya. Uye mweya wako . . . Uye Mweya Mutsvene unoteta chaizvo.

178 Vangani vanorangarira, makore mazhinji apfuura, kuti Mweya Mutsvene, pandakauya nepano ndikakuudzai? Pandakabata vanhu neruoko, Akandiudza kuti kunzvera zvakavanzika uku kwaizouya, uyezve zvozoenderera mberi? Munozvirangarira, munozvirangarira izvozvo? Asi Akati, “Kana ukagona kuita kuti vanhu vakutende.” Munorangarira mazuva iwayo, makore mazhinji apfuura? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Munofanira kutenda.

179 Ndakaona murume, ndinotenda kuzasi uko pane mumwe musangano, akagara ipapo chaipo. Uye Mweya Mutsvene . . . Ndakanga ndichimuongorora pandakanga ndichiparidza. Wakanga ari murume akaremara. Wakanga aine madondoro muhapwa dzake. Zvino pandakangotanga kudana, Satani akauya kumurume uyu, mumvuri mutema. Zvino ndakautarisa nemaziso angu chaiwo. Akasimuka ndokufamba achibuda. Achagara achingova chirema, munoona. Uye zvino, iye, paaifanira kunge akapodzwa ipapo dai akango—akango . . . Maona? Asi, kungoti, handizivi kuti sei. Ndinofungidzira kuti wakangoteerera kumuvengi. Asi kana ukamira wotarisa mimvuri iyo, uchiona zvinhu izvo zviine zvimiro, nenzira yazviri, uye wozvitarisa maitiro azvo. Munoona, zvaizova saizvozvo . . .

180 Zvino, ini handigoni kupodza. Munhu anokuudza kuti anogona kukupodza, ari kukanganisa. Wakatopodzwa kare. Asi, kucherechedza Hupo hwaJesu Kristu. Zvino kana Marita akaziva kuti kana akagona kuMuona zvakare, uye kuti waizowana chishuvo chake, nokuti Iye waiva Shoko rakaratidzwa, hatingatendiwo here zvakadaro manheru ano, kuzvitenda? Zvirokwazvo, tinotofanira kudaro. Iye wauya. Iye wauya, Auya ari muchimiro cheMweya Mutsvene. Ndizvo Iye zvaAri. Zvino imi chingonamatai.

181 Munoona, kumusoro kuno, dai ndaiva nomumwe munhu akamira pano, ipo pano chaipo pandiri, achingo—achingonamata; munoona, vanhu vakawanda vari kunamata, zviri muimba ino yose. Unofanira kungozvitarisa. Haugoni kutaura kuti, “Nhai, Hama Branham . . .” Kwete, changamire. Ha—handaigona kuzviita, sezvausingagoniwo kuti undirotere chiroto. Maona? Unogona kurota. Iwe, Mwari anogona kukupa

chiroto pamusoro pangu, munozvitenda here izvozvo, asi haugoni kuzviita pachako. Haugoni kutaura, kuti, “Hama Branham, ndava kurota chiroto pamusoro penyu zvino.” Kwete, haugoni kudaro. Neniwo handigoni kuona chiratidzo. Iye anopa chiroto kwauri, ndiye wacho anofanira kuzviita. Ndiyo nzira imwe chete nechiratidzo.

¹⁸² Ndiri kuona murume wakagara ipo pano panoperera mutsara, ane arthritis. Kana akatenda nomoyo wake wose, Mwari anomupodza arthritis. Munotenda here kuti Achazviita, changamire? Makagara kunze uko, murume wekuMexico, makagara panoperera mutsetse, mungazvitenda here? Zvakanaka, changamire.

¹⁸³ Mudzimai akagara pedyo nemi, naiyewo ane arthritis, zvakare. Unotenda here kuti Mwari achakupodza, mudzimai? (Ko *ichi* chinoita maungira here? Ndinotyira kuti vanhu havasi kuchinzwa.) Muchadaro here? Zvakanaka.

¹⁸⁴ Ko uyo mumwe mudzimai muduku wekuMexico akagara pedyo naye? Ari kurwara nedambudziko remudumbu. Unotenda here kuti Mwari achapodza mudumbu mako, mudzimai?

¹⁸⁵ Azvigamuchira. Pandinoona Chiedza icho chichidzika pasi, zvinoreva kuti zvatoitika. Hongu. Ndizvozvo. Chamurova. Hecho Changa chiri apo, chichitenderera-tenderera... [Chibenga patepi—Mupepeti]...ndizvo zvinozviita. Maona? Kana Akagona kuwana kutenda! Munooona, “HaAna kugona kuita zvinhu zvizhinji nokuda kwokusatenda kwavo.”

¹⁸⁶ Pano pane mudzimai akagara pano ari kunamata, ipo pano chaipo. Ari kutya. Anofanira kudaro. Ane chinano chekenza, chakaipa kwazvo. Handikuzivei, asi Mwari vanokuzivai. Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza pamusoro pekenza iyi, kana chimwewo chinhu? Nditarirei. Kune vazhinji vari kunamata, munooona, ndicho chikonzero chandiri kuzvita urira. Titarisei. Zvino, hongu, hamugari kuno, kuno hakusiko kumusha kwenyu. Munobva kunzvimbo inonzi Porterville, California. Ndizvozvo chaizvo. Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza kuti imi ndimi ani? Vanoziva. Zita renyu rinonzi Mai Wintham. Ndizvozvo chaizvo. Zvino tendai, kenza iyoyo inobva yazokusiyai. “Kana mukangogona kutenda.” Ndizvozvo chete Mwari zvavanokukumbirai kuti muite. “Kana mukangogona kutenda.”

¹⁸⁷ Hautendi here izvi nomoyo wako wose? Mumwe munhu muchikamu ichi imo *munu*, haungatendi here? Tenzi vauya vakakudana. Ari kukudana kubva kurufu kuenda kuUpenyu, kubva kuurwere kuenda muutano.

¹⁸⁸ Pano pane murume wakagara kumashure kuno, akatsikitsira, achinamata. Chaizvo haasi kuzvinamatira, ari kunamata pamusoro pemumwe munhu. Mu—musikana. Mwanasikana wake. Munotenda here, changamire? Imi

munonetseka namakumbo enyu. Munonetseka neibvi renyu. Ndizvozvo chaizvo. Hapana chikonzero chokuchema, ndiYe aripo pamuri. Mwanasikana wenyu ari muchipatara, haasi here? Anorwara neT.B. Imi tendai. Munotenda here? Tenzi auya uye ari kumudana. Mungatenda here, sababa vake? Mungadaro here? Dai Akamushanyira husiku huno, nemiwo. Dai zvikapera.

¹⁸⁹ Pano pane mukomana muduku, ane chiso chakasvibira. Ari kurwara nechirwere cheganda, neasthma, mukomana muduku wekuMexico, mukomana wekuMexico wakagara apo. Haagari kuno. Anobva kuSan Jose. Unotenda here, mwanakomana? Chimwe chinhuve, baba vako varipo pano newe. Ivo mushumiri. Ndizvozvo chaizvo. Unotenda here kuti Mwari vanogona kundiuudza kuti zita rako ndiani? Zvingakuita here kuti utende zvakanatsosimba? Zita rako ndiReuben. Zvino tenda. Um-hum. Mwari vachakupodza.

¹⁹⁰ Tenzi vauya uye Vari kukudana. O, mutadzi, O, munhu anorwara, hausi kuona here Tenzi vachiratidzwa muvanhu, pakati pevatendi? Auya kuzodana vana vaKe vanotenda kuti vave neutano. Auya kuzodana mutadzi kuti atendeuke. Uyo wakadzokera shure, nhengo yechechi, Tenzi vauya uye vari kukudana.

¹⁹¹ Unozvitenda here? Unozvitenda here kuitira chaunoda izvozvi? Kana uchidaro, simudza ruoko rwako, uti, “Ndinotenda kuitira chandinoda.” Zvadararo simuka netsoka dzako zvino uchigamuchire. Tenzi vauya uye vanokudana. Uye hazvinei kuti ndiwe ani, chingava chiri chii chaunoda, Tenzi wauya uye Ari kukudana. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

¹⁹² Mudzimai mudiki uya wakaenda muguta, ndokubva ati, “Huyai, muone Murume Andiudza zvanga zvakananganisika.” Iwe hauna kuenda muguta. Wauya ukazviona, pachako, saka Tenzi vauya uye vari kukudana.

¹⁹³ Simudzai maoko enyu muMurumbidze, muchiti, “Ishe Jesu, ndiri mutadzi; ndiregererei. Ndiri wakadzokera shure; nditorei zvakare, Ishe. Ndinoda Mweya Mutsvene; ndizadzeiwo. Ndinorwara; ndipodzeiwo. Ndakaremara; ndipodzeiwo.” Tenzi vauya uye vari kukudana. Simudzai maoko enyu zvino muMurumbidze. Amen.

¹⁹⁴ (Tiridzirei kakodhi pano, “NdichaMurumbidza, ndichaMurumbidza.” Munoziva? *NdichaMurumbidza.* Munorwuziva, handizvo here?)

Munotenda here?

NdichaMurumbidza, ndichaMurumbidza,
O, rumbidzai Gwayana rakabairwa vatadzi;
Mupei kubwinya, imi vanhu vose,
Nokuti Ropa raKe rakasuka gwapa roga-roga.

195 MunoMuda here? Zvino hamufariri here kuMuimbira Achiri pano? Iye Mweya uri kufamba uchitenderera muimba ino yose. Anoziva moyo yenyu, anoziva zvose pamusoro penyu. NgatiMuimbire, nemoyo wedu yose.

NdichaMurumbidza, (simudzai maoko enyu pamuri kuzviita), Ini... (zvino ingoMurumbidzai)... Murumbidzei,
O, rumbidzai Gwayana rakabairwa mutadzi;
O, Mupei kubwinya, imi vanhu vose,
Nokuti Ropa raKe rakasuka gwapa roga-roga.

196 O, mudzimai, imi muri muhwiricheya, dai mukangotenda zvakati wedzerei pamuri ipapo. "Ini..." Ngatiruedze kamwe chete zvakare. Pane chandakamirira.

NdichaMurumbidza, ndichaMurumbidza,
O, rumbidzai Gwayana rakabairwa vatadzi;
Mupei kubwinya, imi vanhu vose,
Nokuti Ropa raKe rakasuka gwapa roga-roga.

197 Zvino tichirwuimba zvakare, tendeuka, ubate ruoko rwomumwe munhu, patiri kuruimba, tiimbe, "NdichaMurumbidza." Ngatiimbei, tose pamwe chete zvino.

NdichaMurumbidza, ndichaMurumbidza,
Rumbidzai Gwayana rakabairwa vatadzi;
Mupei kubwinya, imi vanhu vose,
Nokuti Ropa raKe rakasuka gwapa roga-roga.

198 O, shamwari mutadzi, haungadi here kufamba uchiuya mberi zvino? Huyai muMupe rumbidzo, imi vanhu mose. Imi vanhu mose munoda kuMupupura soMuponesi. MuHupo hwaKe, apo vatsvene vari kunamata vari muMweya, haungadi here kuuya pano umire? Ugoti, "Ndinoda kupupura, manheru ano. Ndinoda kuMupa rumbidzo. Ndinoda kuuya. Handinyari nokuda kwaKe. Ndinoda kuti nyika izive kuti ndaMugamuchira seMuponesi wangu, ipo pano chaipo Achiri pano." Huyai patiri kurwuimba.

NdichaMurumbidza, (haungayi here?)
ndichaMurumbidza,
O, rumbidzai Gwayana rakabairwa vatadzi;
O, Mupei kubwinya, imi vanhu vose,
Nokuti Ropa raKe rakasuka gwapa roga-roga.

199 O, ndizvo chaizvo, mudzimai, uyai henyu kuno chaiko. Ndiani mumwe anoda kuuya, muHupo hwaKristu? Huyai kumusoro kuno chaiko, hanzvadzi, mumire pano.

200 Mumwezve munhu anoMuda kuti ave Muponesi wake, izvozvi, asinganyari. Iye akati, "Kana ukaNdinyara pamberi pevanhu, Ndichazokunyara pamberi paBaba vaNgu neNgirozi tsvene." Kana ukasaMunyara zvino, uye uchiMuda soMuponesi wako, Achiri pano! MaMuona. Zvakanyatsokwana, Shoko

pachaKe aita kuti Rizivikanwe. Huya kuno apo vatsvene vari kunamata zvino. Haungauyi here?

²⁰¹ Mwari akuropafadzei, changamire. Hepanoi pouya muchembere, ava kusvika pakukwegura. Hamungauyi here zvino?

Ndicha... (rwuimbei iko zvino)...
ndicharumbidza...

²⁰² Ndizvozvvo, vechidiki, huyai zvino kwese kuno. Ingorumbidzai. Mwari ngavakuropafadze, mudzimai, ndiyo nzira yokuzviita nayo. Mwari vakuropafadzei, vadiki.

... bairwa vatadzi;
Mupei kubwinya, imi vanhu vose,
Nokuti Ropa raKe rakasuka gwapa roga-roga.

²⁰³ Apo vashumiri vachienda kuvanhu ava zvino hapangawani here mumwezve anouya? Uyo wakadzokera shure, haungauyi here, uti, “Ndinonyara noupenyu hwangu?” Hounoi Ari pano. Munotenda here kuti ndiri muranda waMwari? Simudzai maoko enyu. Nemhaka yei, Jesu Kristu ari pakati pedu. Haungauyi here?

Mupei kubwinya... (Haungauyi here, uMupe kubwinya?)... vanhu,
Nokuti Ropa raKe rakasuka...

²⁰⁴ Marita, uri kuuya here, kana kuti uchagara here mumba naMaria? Ucharambira here mune rimwe sangano, woti, “O, chechi yangu haiZvitendi nenzira iyi,” iye Kristu aratidzwa pachena? Uchagara here uchitaura izvozvvo, kana kuti wava kubuda pachena? “Zvakanaka, ndichakuudzai, pandaka...” Kwete. Nhasi, ino ndiyo nguva yacho. Rufu rwakaremba pauri, semwanasikana waJairosi.

²⁰⁵ Huya zvino! Iwe wakadzokera shure, huya zvino. Mutadzi, huya zvino. Ino ndiyo nguva yacho. Tenzi auya uye Ari kukudana. Ari kukudana. Iwe woti, “Ndinoziva sei?” Ari kushandisa inzwi rangu. Kana Achishandisa inzwi rangu kudoma zvirwere, zvinotambudza nezvimwewo, hamuzivi here kuti Ari kudanawo zvakare kune chivi? Budai! Huyai zvino, uno unogona kuva ndiwo mukana wokupedzisira wamuchazombokwanisa kuva nawo.

²⁰⁶ Kamwe chete zvakare, mune vamwe imo muno vanofanira kuuya, shamwari. Handisi kuda kukunyadzisai, ndichikudanai saizvozvi. Hazvina kunaka. Kana dzimwe nguva muka... VaFarise vaya vaifunga kuti vakanga vakaponeswa, asi vakanga vasina. Imi muri kufunga chinhu chimwe chete ichocho. Huyai zvino.


²⁰⁷ Ivai nechokwadi! Regai, regai kungoita zvokufungidzira pazviri. Kana paine kakupokana kaduku mupfungwa dzako, usaita zvokufungidzira. Huya zvino. Ino ndiyo nguva yacho, iye

zvino Tsime richakavhurika, apo Mweya Mutsvene uri pano. Tenzi auya. Kakupokana kadiki kaya, ndiko kaAri kuedza kukuudza, “Uri kupokana.” Kusiye. Huya, zvino. Tenzi auya uye ari kukudana. Ndizvozvo chaizvo, rambai muchiuya, rambai muchingouya.

NdichaMurumbidza, ndichaMurumbidza,
 (Haungauyi here kuzoMupa rumbidzo?)
 Rumbidzai Gwayana rakabairwa vatadzi;
 Mupei kubwinya, imi vanhu vose,
 Nokuti Ropa raKe rakasuka gwapa roga-roga.

²⁰⁸ Zvino vatadzi vachiuya, kuzoMugamuchira; vanhu ngavaMupe rumbidzo, apo tichirwuimba zvino. Nemaoko enyu akasimudzwa mudenga, imbai rumbidzo kwaAri, iye zvino, tose pamwe chete.

NdichaMurumbidza, ndichaMurumbidza,
 Rumbidzai Gwayana rakabairwa vatadzi!

²⁰⁹ IngoMupai rumbidzo! Imi vanhu makapoteredza pano, namatai, muMukumbire kuti akuregererei. Ndizvo zvaAchaita. Tenzi auya uye ari kukudana. Mwari vakuropafadzei. 

ZVINO JESU AKAUYA AKADANA SHO64-0213
(Then Jesus Came And Called)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu China manheru, 13 Kukadzi, 1964, paElliott Auditorium mu Tulare, California, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2017 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org